

Yon pi bon eksperyans swen prensipal kòmanse lakay men l pa fini la

Swen prensipal ede ou rete anbyen epi gen kontwòl sante ou. Kidonk nou rann li fasil pou ou rankontre ak yon founisè dapre kondisyon ou. Tousepleman, konekte nan aplikasyon Oscar lan epi kabinè doktèl vityèl nou an ap vin jwenn ou atravè videyo, telefòn oswa mesaj. Ak Oscar Primary Care, ou pral jwenn yon ekip ki devwe ak ou epi sante ou sou peryòd ki long. E vizit vityèl yo toujou \$0.



Tout yon ekip bò kote ou

Ekip Oscar Primary Care ou an gen ladan l yon founisè, yon enfimye ak yon asistan medikal. Lè yon bagay rive, pa gen okenn bezwen pou tann yon lòt randevou, jis voye yon mesaj bay ekip medikal ou an epi yo ap kontakte ou.



Nou pral aranje w ak bon zouti yo

Aprè premye randevou ou, nou ap voye ba ou yon kit eleman vital ki gen yon manch pou pran tansyon pou ou kenbe epi itilize anvan vizit yo pou kontwòle rit kadyak ou ak tansyon ou epi pataje rezilta yo ak founisè ou.



Jwenn swen sou plas nenpòt lè ou bezwen l

Nou konnen pou nou gen yon konpreyansyon total sante w ou ap bezwen swen sou plas. Epi lè tan rive, founisè oswa ekip ou an pral dirije ou bay bon espesyalis, laboratwa oswa etablisman imajri an nan rezo nou an. Kèk depistaj ak laboratwa disponib tou pou fèt depi lakay — founisè ou an ka travay ak ou sou opsyon ou yo pou swen adomisil oswa sou plas.



Soutyen pèmanan pou twoub sante kwonik

Ekip Oscar Primary Care ou an la pou ede ou devlope yon plan swen adapte epi kowòdone swen ou pou ou pa janm rate anyen.

Aprann plis nan hioscar.com/oscar-primary-care

oscar

Pou 2023, Oscar Primary Care disponib nan TX (sof plan Secure yo), NY (sof plan Standard Silver, Standard Bronze, ak Secure yo), FL, Palm Beach, Miami Dade, ak Broward (sof plan HSA ak Secure yo), AZ (sof plan HSA ak Secure yo), GA (sof plan HSA ak Secure yo). Founisè Oscar Primary Care yo se Oscar Medical Group ki anplwaye yo, non pa Oscar Insurance Company oswa afilye plan asirans li yo. Oscar Primary Care disponib sèlman pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis. Preskripsyon yo, vizit ak sèvis yo ka limite dapre libète desizyon founisè a epi Oscar Primary Care pa fèt pou itilize ansanm avèk yon lòt konsiltasyon swen jeneral. Vizit an pèsòn Oscar Care ansanm avèk vizit vityèl ou ka gen yon kopeman. Akòz lwa sou lisans medikal yo, ou dwe nan Eta pa ou an nan moman vizit vityèl ou an.